



THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL

DONALD E. FENNOY II, Ed.D.
SUPERINTENDENT

FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.
BOARD CHAIR

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-629-8566 / FAX: 561-649-6837
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

CHUCK SHAW
BOARD VICE CHAIR

MARCIA ANDREWS
KAREN M. BRILL
BARBARA McQUINN
DEBRA L. ROBINSON, M.D.
ERICA WHITFIELD

2020-2021 Avi pou Paran/Responsab sou Dwa yo pou Jwenn Enfòmasyon sou Pwogram Anyèl Tit I a

14 septanm 2020

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la resevwa lajan nan men gouvènman Federal pou lekòl ki gen pwogram Tit I yo anba Lwa *Every Student Succeeds Act* (ESSA ann anglè). Kòm paran ki gen pitit nan yon lekòl Tit I, ou gen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou.

Daprè lalwa, ou gen dwa pou:

- Mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè k ap anseye pitit ou a;
- Se pou yo fè w konnen si yo voye pitit ou nan klas yon pwofesè yo konsidere ki p a nan domèn I ap anseye a, paske li pa lisansye nan sijè a oswa pou klas I ap anseye a ;
- Mande si genyen manm pèsònèl ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou epi, si wi, kalifikasyon pwofesyonèl yo;
- Se pou yo ba w enfòmasyon sou nivo randman pitit ou a ak kwasans akademik li nan evalyasyon akademik eta a.

Pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè ak moun ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak responsab *Tit I* an. Pandan ane a ap avanse, lekòl la ap enfòme w sou nivo randman pitit ou ak evalyasyon akademik li nan eta a (*state academic assessments*) ak si pitit ou a te genyen yon pwofesè ki pa gen yon sètifikasyon nan domèn oswa nan nivo klas I ap anseye a.

Mèsi pou enterè kontini ak patisipasyon w nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,


Donald E. Fennoy II, Ed.D.
Superintendent of Schools